

BAB III


MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab baris medar ngeunaan hal-hal anu patali jeung métode panalungtikan, di antarana desain panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, jeung instrumén panalungtikan.

3.1 Desain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskiptif. Nurutkeun Sugiyono (2017, kc.9) pamarekan kualitatif nyaéta métode panalungtikan anu digunakeun pikeun nalungtik kaayaan objek anu alamiah, (salaku lawan dina eksperimén) téhnik ngumpulkeun data ngaliwatan kartu data, analisis data sipatna induktif, jeung hasil panalungtikan kualitatif leuwih nekeunkeun ma'nana. Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif. Métode déskriptif nyaéta panalungtikan anu mangrupa akumulasi data dasar dina cara déskriptif wungkul, teu nguji hipotésis, jeung teu nyieun ramalan. Métode Deskriptif miboga tujuan pikeun ngungkulan pasuanan anu anyar ku cara ngumpulkeun data, nyusun bagéan-bagéan, nganalisis, jeung napsirkeun data (Gumilar, 2015, kc. 66).

Dina ieu panalungtikan téh baris ngaguar ngeunaan rarangkén barung jeung gabung dina novél *Béntang Hariring* karya Dian Hendrayana, nu dianalisis dumasar kana struktur rarangkén, fungsi rarangkén, jeung harti rarangkén. Dumasar pamarekan jeung métode nu digunakeun, dina ieu panalungtikan disusun desain panalungtikan dina bagan ieu di handap.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

3.2 Sumber Data Panalungtikan

Nurutkeun Moleong (1998) dina Arikunto (2010, kc.22) nyebutkeun yén sumber data panalungtikan kualitatif nyaéta tampilan anu mangrupa kecap lisan, atawa tinulis anu geus dipikangarti ku panalungtik, jeung objekna nu geus jelas ngarah ma'na dina dokumén bisa dicangkem. Sumber data dina ieu panalungtikan

Siti Komala, 2019

RARANGKÉN BARUNG JEUNG GABUNG DINA NOVÉL BÉNTANG HARIRING KARYA DIAN HENDRAYANA (ULIKAN STRUKTUR, FUNGSI, JEUNG HARTI)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

nyaéta novél *Béntang Hariring* karya Dian Hendrayana anu medal taun 2015. Novél *Béntang Hariring* kabagi kana sapuluh carita, kahiji wayahna Nia, kadua pancén ti sakola, katilu sapatu bolong, kaopat Résty putra bu Yanti, kalima bersih haté, kagenep inget ka bapa, katujuh pasanggiri, kadalapan piwuruk pa Yana, kasalapan teu sangka, jeung kasapuluh sang bémantang. Novél ieu téh kungsi meunang hadiah Samsoedi tur basa anu digunakeun dina ieu novél basajan.

Idéntitas buku objék panalungtikan.

Judul	: Béntang Hariring
Pangarang	: Dian Héndrayana
Medal	: Terbitan Munggaran Oktober 2015
Penerbit	: KBS RAWAYAN
Kandel Buku	: 60 kaca
Panjang jeung lébar buku	: 20 cm x 14 cm
Kandel buku	: 0,3 cm

Sinopsis dina ieu novél téh nyaritakeun budak yatim anu ngaranna Nia. Nia téh budak awéwé nu sok ngabantuan indungna jeung ngasuh adina nu ngarana Iyan. Saprak indungna geringan waé Nia téh tara sakola. Tepikeun ka Nia digeroan ka ruang guru kudu nepangan pa Hendra. Nia téh mikirna pé dah can mayar SPP, ari pék téh Nia dipiwarang ngiringan pasanggiri kawih tingkat kacamatan, tah lamun kabeneran juara bakal nyanghareupan pasanggiri tingkat kabupatén. Anu ngiluan kana pasanggiri kawih téh Nia jeung Resty. Resty mah lamun latihan sok tara serius, jeung sok mawa indungna bu Yanti salaku bendahara sakola. Singkat carita, pasanggiri kawih tingkat kacamatan téh dék dikawitan. Nia mah biasa waé dangdanana, béda jeung Resty mah anu sagala dipaké. Basa pasanggiri dikawitan sora Nia téh meni alus pisan kabéh panongton katajieu ku sora Nia leuwih alus tibatan latihan, ari Resty mah da puguh deui geus teu nyurup jeung kacapi kusabab dina latihan gé tara bener. Nia jadi pinunjul kawih tingkat kecamatan, kabéh barungah pisan kaasupa pa Hendra, Kepala Sakola jeung babaturan Nia. Nia gé kudu ngiluan deui pasanggiri kawih tingkat kabupaten, Nia kudu leuwih serius deui dina latihan jeung Pa Yana. Pasanggiri kawih tingkat kabupaten dilaksanakeun di gedung aula, Nia téh kabagean nomor

tandang ka 18. Nia juara kahiji dina pasanggiri kawih tingkat kabupatén, Indungna bungaheun pisan. Nia diajak ngariung di rumah makan ku kepala sakola, Nia di béré hadiah ku sakola pambébasan SPP jeung dipasihan berasiswa kanggo ka SMP. Nia bungaheung pisan, Nia jadi Bentang Hariring basa poé éta.

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta téhnik dokumentasi. Ieu téhnik dipaké pikeun ngumpulkeun data rarangkén tina sumber tinulis, nyaéta novél *Béntang Hariring* karya Dian Hendrayana. Ari léngkah-léngkahna ieu di handap.

- a. maca novél *Béntang Hariring*;
- b. nyirian kecap nu ngandung rarangkén barung jeung gabung dina novél *Béntang Hariring* ;jeung
- c. nyalin kecap nu dirarangkénan barung jeung gabung kana kartu data.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 203) nétélakeun yén instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas anu digunakan ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan leuwih gampang dipigawéna jeung hasilna leuwih hade. Instrumén panalungtikan anu digunakan pikeun nganalisis ngagunakeun kartu data. Kartu data mangrupa pedoman pikeun ngaidéntifikasi sarta ngelompokkeun data anu aya, jeung ngawilah-wilah data sangkan diasupkeun kana kategorina nepi ka luyu nalika dianalisis leuwih jero.

Conto kartu data

Kecap	: sakelasna	(Kode : BH/J1/Kc.6/P6/K5)
Rarangkén	:sa—na	
Struktur	:sa—na + KB	
Fungsi	:infléktif	
Harti	:`aya di'	

Keterangan :

BH : Novél *Béntang Ha ririrng*

J : Judul

Kc : Kaca


P : Paragraf

K : Kalimah

3.5 Téhnik Ngolah Data

Dina ngolah data, téhnik anu digunakeun nyaéta téhnik analisis morfologis nyaéta analisis modél prosés. Nurutkeun (Sudaryat, 2014, kc.60) modél proses (*item and process* (IP) nyaéta téhnik analisis basa nu ngadéskripsikeun basa minangka sistem nu dinamis, anu nganggap yén unsur basa téh boga dasar anu ngarundaykeun wangun lian tur dumuk kaédahna. Saacan nangtukeun Struktur, fungsi jeung harti, dina ngolah data ngagunakeun diagram cagak. Upamana baé kecap pangnyandakeun diwangun ngaliwatan sababaraha prosés ngararangkén (afiksasi), sakali prosés nasalisasi jeung sakali ngararangkén barung (konfiksasi) pang—keun.

Sangkan leuwih écés, ilikan diagram cagak di handap ieu.



Léngkah-léngkah ngolah data, di antarana:

- niténan deui data kecap nu geus di kumpulkeun;
- ngaruntuykeun data kecap rundayan sacara alfabetis;
- nyieun papasingan data kecap nu geus dirarangkénan barung jeung gabung dumasar struktur, fungsi, jeung harti;

- d. nganalisis data kecap rarangkén barung jeung gabung dumasar struktur, fungsi jeung harti;
- e. ngadéskripsikeun kecap rarangkén barung jeung gabung dumasar struktur, fungsi jeung harti;
- f. ngilikan deui kecap rarangkén barung jeung gabung dumasar struktur, fungsi jeung harti; jeung
- g. nyieun kacindekkan.